



# Benefis Pou Timoun

A peprè 4.4 milyon timoun ap resevwa prèske \$2.5 bilyon chak mwa paske youn oswa toulède paran yo andikape, retrete oswa mouri. Dola sa yo manm fanmi yo jwenn pwodui premyè nesesite epi sa fasilité timoun sa yo fini nan lekòl segondè. Lè yon paran vin andikape oswa mouri, benefis Sekirite Sosyal ede stabilize avni finansye fanmi an.

*NÒT: Timoun andikape ki gen paran ki gen ti revni oswa ti kantite resous ka elijib pou resevwa benefis Revni Sekirite Siplementè. Kontakte nou pou jwenn yon kopi piblikasyon Benefis Pou Ti Moun Ki Andikape (Piblikasyon Nimewo 05-10026-HC).*

## Kimoun ki ka jwenn benefis timoun

Pitit ou ka jwenn benefis si li se pitit byolojik ou, pitit adoptif ou oswa bofis/bèlfì depandan ou. (Nan kèk ka, pitit ou ka elijib tou pou benefis yo sou lajan gran paran li yo ap touche.

Pou yon timoun jwenn benefis yo, li dwe gen:

- Yon paran oswa toulède paran ki andikape oswa retrete epi ki gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal; oswa
- Yon paran ki mouri apre li fin travay pandan tan pou li fè nan yon djòb kote li t ap peye taks Sekirite Sosyal.

Timoun nan dwe tou:

- Selibatè;
- Gen mwens pase 18 tan;
- 18-19 ane epi yon elèv atanplen (pa pi wo pase klas unityèm); oswa
- 18 tan oswa plis epi andikape. (Andikap la dwe kòmanse anvan 22 zan.)

## Kisa w ap bezwen lè w ap aplike pou benefis timoun

Lè w ap aplike pou benefis pou pitit ou, w ap bezwen batistè timoun nan ak nimewo sekirite sosyal paran timoun epi nimewo sekirite sosyal timoun nan. Gen lòt dokiman ki ka nesesè selon kalite benefis ki konsène a. Pa egzanp, si w ap aplike pou benefis sivivan pou timoun nan, w ap bezwen founi prèv lanmò paran an. Si w ap aplike pou benefis pou yon timoun ki andikape, w ap bezwen founi prèv medikal pou pwouve andikap la. Reprezantan Sekirite Sosyal ki wè ou ap di w ki lòt dokiman w ap bezwen.

## Benefis yo ka kontinye jouk nan laj 18 tan

Benefis yo sispann lè pitit ou gen 18 tan sof si li se yon elèv oswa li andikape.

## Si pitit ou se yon elèv

Twa (3) mwa anvan anivèsè nesans pitit ou, n ap voye yon notifikasyon ba ou pou fè w konnen benefis yo ap fini nan laj 18 tan, sof si pitit ou se yon elèv aplentan nan yon lekòl segondè (oswa lekòl elemantè). Si pitit ou poko gen 19 ane epi li toujou ap frekante yon lekòl segondè oswa lekòl elemantè, li dwe fè nou konnen sa. Pou li fè sa, li dwe ranpli yon fòmilè deklarasyon ki endike yon responsab lekòl la sètifye l ap frekante lekòl la. Anjeneral, benefis yo ap kontinye jouk li gradye, oswa jouk de (2) mwa li gen 19 ane, kèlkeswa sa k rive anvan.

## Si pitit ou andikape

Benefis yo ap kontinye nan laj 18 tan pou yon timoun ki andikape. Yo ka peye benefis andikap pou timoun tou apre laj 18 tan, si andikap la te kòmanse a 22 zan.

## Si w ap okipe yon timoun

Si w ap resevwa benefis paske w ap okipe yon timoun, dat benefis yo ap sispann ka diferan avèk pa timoun nan.

Si timoun nan pa andikape, benefis ou yo ap sispann lè li gen 16 zan.

Si timoun nan andikape, benefis ou yo ka kontinye si w gen kontwòl ak responsabilite paran pou yon timoun ki gen andikap mantal oswa si w ap fè sèvis pèsonèl pou yon timoun ki gen andikap fizik. Anvan timoun nan gen 16 zan, n ap voye ba ou yon avètisman ki dekri kondisyon pou benefis ou yo ka kontinye.

## Ki kantite yon fanmi ka jwenn?

Nan yon fanmi, yon timoun ka resevwa jouk mwatye benefis retrèt oswa mwatye benefis andikap paran an, oswa 75 poustan benefis debaz Sekirite Sosyal paran ki mouri. Men tou, gen yon limit kantite lajan yon fanmi ka resevwa. Peman maksimòm fanmi an detèmine kòm pati kalkil chak benefis Sekirite Sosyal epi li ka ant 150 ak 180 poustan kantite lajan total benefis paran an. Si kantite lajan total yo ka peye tout manm fanmi an depase limit sa a, benefis chak moun ap diminye an pwopòsyon (sof benefis paran an) jouk kantite lajan total la egal a kantite lajan maksimòm ki admisib.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.